

## Direktiv pou Pasyan Ekstèn pou Vizit Telesante an Gwoup pou Sikyatri:

*Chak depatman gen direktiv pa li pou gwoup pasyan.*

Ou dwe konnen CHA p ap gade repons pasyan yo voye pa imèl sou vizit an gwoup yo. Tanpri **pa reponn** imèl ou resevwa ki gen pou wè ak vizit an gwoup ou a. Olye de sa, tanpri sèvi ak MyChart oswa rele klinik ou a si ou gen kesyon.

- **Vini alè** - bay tèt ou kont tan pou konekte sou òdinatè a/tablèt la/telefòn entelijan an, enstale tout bagay, epi verifye tout bagay ap mache byen
- **Konfidansyalite**
  - Tout bagay yo di nan gwoup la konfidansyèl
  - Pa bay lòt moun non patisipan yo epi pa rakonte istwa yo
  - Pa anrejistre ni video ni odyo epi pa pran foto gwoup la
  - Antre nan vizit la yon kote ki prive pou patisipan yo pa bezwen enkyete yo de lòt moun k ap tandem enfòmasyon yo
- **Respekte lòt moun yo**
  - Koute lòt moun yo epi respekte kwayans yo
  - Tanpri bay tout patisipan yo tan pou yo pale epi sèvi ak pwosede gwoup la dakò sou li an sou lè pou pale
  - Pa ni sèvi ak telefòn ou, ni manje, ni fimen pandan ou nan gwoup la
  - Fè atansyon a jan patisipan yo idantifye tèt yo epi lè w ap pale avèk yo sèvi ak non ak pwonon yo pi pito a (he/she/they)
- **Sèvi ak teknoloji an kòmsadwa**
  - Tanpri mete odyo ou sou bèbè jiska moman w ap pale
  - W ap sou video donk tanpri fè atansyon a anviwònman ou
  - Pou anpeche lòt moun wè kay ou/anviwònman ou, ou lib pou flou background ou a lè w chwazi "Efè background" nan paramèt vizit video a
  - Si ou gen lòt moun lakay ou, tanpri mete ekoutè epi patisipe nan yon pyès ki prive
  - Pa antre nan vizit an gwoup pandan w ap kondui
  - Pa bliye patisipasyon w nan vizit an gwoup gen dwa gen konsekans sou plan done w yo
- **Pa bay detay chokan ki gen dwa lakòz reyaksyon**
  - Sèvi ak mo jeneral (vyolans nan pawòl/violans fizik)
  - Pa bay metòd pou moun fè tèt yo mal, eseye touye tèt yo, oswa detay sou pran dwòg
  - Konsantre sou efè eksperyans yo te gen sou ou

- **Pa pran ni pwodui ilegal, ni alkòl, ni marijàn pandan vizit an gwooup la**
  - Pa patisipe ni pandan ou sou ni pandan ou sou enfliyans dwòg
- **Si a nenpòt ki moman w ap reflechi sou touye tèt ou, al nan Sal Dijans ki pi pre w la**
- **Si w ap fè fas ak yon kriz sante mantal oswa pwoblèm abi sibstans,** rele liy dirèk Kriz Aksè CHA a nan 833-222-2030